

Хуиту дыбэуэжат

2-нэ нап.

Экономикэ · Политикэ · Махуэку · Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

Бзэхэр нэхъыбэху - къэралыр нэхъ лъэщ

3-нэ нап.



Ди тхылъ тедзапIэр нэхъыфIхэм хабжэ

4-нэ нап.



Гуащэнабдзэхэмрэ сурэтхэмрэ

4-нэ нап.



ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№85 (24.991) • 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 16, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ


КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



## Республикэм къыщагъэсэбэпынущ къэралым щыIэ IэмалыфIхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхуклэ яIущIащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Крючков Вячеслав, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэн, бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр, Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий сымэ икIи транспортым и шынагъуэншагъэмрэ къалэ ухуэкIэмрэ ефIэкIуэным хуэгъэпса, бжыгъэр зи тегъэщIапIэ презентацэм щыгъуазэ зищIащ.**

ЗЭIУЩIЭР щекIуэкIащ КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм къедза «Республикэ шынагъуэншэ» центрым.

Зытепсэлъыхьа щынэхъыщхьэр - транспортым и лэжьэкIэр зыубзыху къэухь Iэрыщl щхьэхуэ къыхэхауэ, лэжьыгъэ псори абы къызэщIегъэубыдэн, видеокъэпщытэныгъэхэм зегъэубгъун зэрыхуейрщ.

Республикэм камерэ 1700-м нэс трагъэуващ, хъарзынэу мэлажьэ. ЗэIущIэм къыщыхалъхьа жэрдэмхэм ахэр нэхъ быдэжу ирипхынущ къэухь IэрыщIым и зэфIэкIхэм.

Нэхъ пасэу ягъэунэхуа IэмалыщIэхэмкIэ гъуэгум и щытыкIэр убзыхуа зэрыхъур наIуэ хъуащ, машинэхэр щызэтрихьэр, гъэувыкIэ хабзэм щебакъуэм, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр щыхыфIадзэм кIэлъыплъыныр тынш ищIу.

Есэпыр зи лъабжьэ проектхэм я фIыгъэкIэ, гъуэгум къыщыхъункIи хъунум щытыкIэр къэмыс щIыкIэ зыхуэбгъэхьэзырыфынущ, машинэхэр зэтримыхьэу пхуэзэблэгъэкIынущ, щхъуантIагъэр пхъумэфынущ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ цIыхубэм я шынагъуэншагъэм хэхъуэн папщIэ, къэбгъэщхьэпэ хъуну Iэмалхэм. Камерэхэр зэгъэуIун хуейщ, коммунальнэ хозяйствэхэми къэхъукъащIэхэм кIэлъыплъыныр зи къалэн къулыкъущIапIэхэми ГЛОНАСС, «Система-112» программэхэр къагъэсэбэпынущ.

А псом я фIыгъэкIэ, гъуэгухэр нэхъ шынагъуэншэ, къалэм ущыпсэуну нэхъ тынш хъунущ.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм къеблэгъа IэщIагъэлIхэм фIыщIэ яхуищIащ, республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэм набдзэгубдзаплъэу зэрелэжьам щхьэкIэ. Къэралым щызекIуэ Iэмал нэхъыфIхэр дяпэкIэ республикэм къыщагъэсэбэпыну я мурадщ.

## Жыджэру къагъэщIэрэщIэж

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гулъытэшхуэ щызыгъуэт и IэнатIэхэм ящыщщ щэнхабзэр. Иужьрей зэманым ар жыджэру къагъэщIэрэщIэж. ЖыпIэну ирикъунущ абы зегъэужьыным 2026 гъэм сом мелард ныкъуэм нэблагъэ зэрыхухахар. Ар хуэдищкIэ нэхъыбэщ ипэ ита илъэсым а Iуэхум трагъэкIуэдам нэхърэ.**

АХЪШЭР къыхокI «Унагъуэ» лъэпкъ проектымрэ «Щэнхабзэм зегъэужьын» къэрал программэмрэ. Абы и лъэныкъуэкIэ гулъытэ нэхъыбэ зыгъуэтхэм ящыщщ щэнхабзэ щIэиныр хъумэныр, жылагъуэм лIэщIыгъуэкIэрэ зэригъэпэща лъапIэныгъэхэм цIыху нэхъыбэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ Iэмал етыныр, мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэныр.

Къапщтэмэ, къагъэщIэрэщIэжри къызэIуахыжащ Зеикъуэ къуажэм сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэу дэт еджапIэр, апхуэдэхэр ухуэн щыщIадзащ Налшыкрэ Гундэлэнрэ. Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Прохладнэ къалэм щэнхабзэмкIэ и унэри.

Гулъытэншэу къанэркъым библиотекэхэри. СыткIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ, зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэри къыхуащэхуащ нэфхэм я республикэ библиотекэм. Абы къыкIэлъыкIуэу яужь ихьэнущ Тэрч и библиотекэхэмрэ Белая Речкэ къуажэм дэтымрэ зэгъэпэщыжыным. Иджырей жыпхъэхэм иту яухуэ библиотекэхэм хуагъакIуэу къагъэщIэрэщIэжынущ щIыналъэхэм щыIэ библиотекэхэм ящыщу хы. Безенги жылэм и библиотекэри ирагъэфIэкIуащ, и кIэм нэсащ Урыху, Аруан, Щхьэлыкъуэ жылэхэм дэтхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр.

Къалэн пыухыкIахэр зэфIагъэкI республикэм и музейхэр къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIауи. Къапщтэмэ, СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ А. и цIэр зезыхьэм, апхуэдэуи Котляревскэ жылэм дэтым, Шэджэм къалэм и тхыдэ-лъахэдж музейм зыхуей-зыхуэныкъуэ лэжьыгъэхэр ещIылIэным мылъку хухахащ.

ЩэнхабзэмкIэ унэхэм къыщагъэсэбэп, утыку къызэрихьэ фэилъхьэгъуэхэр, макъамэ, макъыр ину зэрагъэIу Iэмэпсымэхэр къахуэщэхуным трагъэкIуэдэну мылъкухэр къыхуаутIыпщу къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ щэнхабзэмкIэ унэ 26-м, Бахъсэн, Тэрч, Тырныауз къалэхэм сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэ я еджапIэхэм макъамэ IэмэпсымэщIэхэр, нэгъуэщI зыхуеинухэр къыхуащэхунущ. Бахъсэнрэ Дыгулыбгъуейрэ щэнхабзэмкIэ я унэхэм къыщызэрагъэпэщ щэнхабзэузэщIакIуэ центрхэр.

КъимыдэкIэ, зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэ 11-м мы дызэрыт илъэсым иратащ я творческэ проектхэр зэрагъэзэщIэну грантхэр. Къэрал театритхуми къыхуаутIыпща грантхэмкIэ спектаклыщIэхэр ягъэувынущ икIи я мылъку-техникэ лъабжьэхэр ягъэбыдэнущ.

«Щэнхабзэм и лэжьакIуэр къуажэм» къэрал программэм ипкъ иткIэ жылэхэм, къалэ мыинхэм щылэжьэну хуей IэщIагъэлI 15-м улахуэ хуагъэувыну Iэмал щыIэщ. Илъэс кIуам апхуэдэ щIыкIэкIэ IэнатIэ ягъэуващ цIыхуи 8.

Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 360-рэ щрагъэкIуэкIыну яубзыхуащи, абыхэм ящыщу 70-р цIыху куэд къызэщIэзыубыдэ фестивалхэмрэ конференцхэмрэ хуэдэщ. Абыхэм, шэч хэмылъу, хэтынущ республикэм и къалэ, щIыналъэ псори.

Къэхъукъащlэхэр



## ЩытыкIэр я нэIэм щIэтщ

**Уэлбанэшхуэхэм я зэранкIэ Бахъсэн псыр къиуащ иджыблагъэ икIи абы къыхэкIыу Тырныауз деж хуэзэу телъ, республикэ мыхьэнэ зиIэ лъэмыжым и сэмэгурабгъу IухьэпIэхэр IуилъэсыкIащ. А къэхъукъащIэм теухуа хъыбар КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек кърилъхьащ Максым щиIэ напэкIуэцIым.**

«КЪЭХЪУКЪАЩIЭМ и зэран зыми екIакъым. Гъуэгу нэхъыщхьэм автомобиль зэпыщIэныгъэхэр щызэпыуакъым», - итхащ республикэм и унафэщIым.

Гъуэгухэм кIэлъыплъ IуэхущIапIэхэр яужь итщ дуней къэхъукъащIэм къыдэкIуа ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыным. Апхуэдэу щытыкIэр я нэIэм щIэтщ зыхуэфащэ IэнатIэхэм.

Егъэджэныгъэ

## Гулъытэ хэха зыхуащIынухэр

**Ди къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам (СВО) хэт зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм исхэмрэ, куэд зэрыщыгъуазэщи, гулъытэ хэха щагъуэт жылагъуэм. Абыхэм папщIэ къызэрагъэпэщащ фонд щхьэхуэхэр, дэIэпыкъуныгъэ щрат IэнатIэхэр, нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэхэр. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ ехьэлIауи СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щIэсхэмрэ льготэ яIэщ. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор Лесев Вадим а Iуэхум хэхауэ тепсэлъыхьащ.**

«МЫ ЗЭМАНЫМ КъБКъУ-м и студентхэм ящыщу цIыху 200-м щIигъур СВО-м хэт зауэлIхэм, абыхэм я унагъуэхэм исхэм ящыщщ, - жиIащ Лесевым. - Мы гъэ еджэгъуэми апхуэдэ абитуриентхэм гулъытэ хэха яхуэтщIынущ. СВО-м хэтхэм, абы и ветеранхэм я бынхэу цIыху 86-рэ къэтщтэнущ, бюджетым къыхэкI мылъкукIэ едгъэджэну. Ахэр хуеджэ хъунущ бакалавриатымрэ специалитетымрэ я программэхэм къиубыд щIэныгъэ унэтIыныгъэхэм. Университетым къищтэфыну студент псоми я бжыгъэм тепщIыхьмэ, ар абыхэм я процентI 10 мэхъу».

Лесевым зэрыжиIамкIэ, мы гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдэкIа унафэм ипкъ иткIэ, СВО-м хэтхэм, абы и ветеранхэм я бынхэм яIэ льготэм хуэдэ хуагъэлъэгъуащ зи щхьэгъусэ зауэм хэкIуэда фызабэхэми. А квотэхэм къару щаIэкъым магистратурэм, аспирантурэм, пщIэ зыщIату зыхуеджэ щIэныгъэ унэтIыныгъэхэм.

КвотэмкIэ университетым щIэтIысхьэну хуитыныгъэ яIэщ:

- СВО-м хэтхэм (дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, мобилизацэкIэ зауэм дашахэм, доброволецхэм, контрактклэ дзэ къулыкъум пэрыхьахэм, Урысей гвардием и IэщIагъэлIхэм;

- 2014 гъэм накъыгъэм и 11-м къыщыщIэдзауэ Донбас щекIуэкIа зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэтхэм;

- зи цIэ къитIуа зауэлIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ я бынхэм, апхуэдэуи УФ-м и щIыналъэхэм, абы и гъунапкъэхэм икIауэ УФ-м и къэрал властым и унафэм тету къалэнхэр зэфIэзыхахэм я бынхэм;

- УФ-м и ЛIыхъужьхэм, Лыхъужьыгъэм и орденищыр зыхуагъэфэщахэм;

- СВО-м зи щхьэгъусэ хэкIуэдахэм, нэгъуэщIым нэчыхь хурамыгъэтхыжамэ;

- лэжьыгъэ IэнатIэр ирахьэкIыу узыфэ зэрыцIалэр къапкърыхьэу COVID-19-м илIыкIа медицинэ лэжьакIуэхэм я бынхэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ, квотэм нэмыщI ЕГЭ-м къриклуахэми зэрыхэплъэнур. ЗэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр ямыту еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэну хуитыныгъэ зиIэр УФ-м и ЛIыхъужьхэмрэ Лыхъужьыгъэм и орденищыр зыхуагъэфэщахэмрэщ, апхэдэуи СВО-м хэкIуэдахэм е абы хэту ныкъуэдыкъуэ хъуахэм, COVID-19-м илIыкIа медицинэ лэжьакIуэхэм я бынхэращ (ахэри медицинэм хуеджэнумэ). Квотэ зиIэ адрей абитуриентхэм я бжыгъэр къащтэнум нэхърэ нэхъыбэ хъумэ, ЕГЭ-мкIэ балл нэхъ лъагэ зиIэхэр япэ ирагъэщынущ.

Квотэ зиIэхэм ухатхэн папщIэ узыхуеину дэфтэрхэр «Госуслуги» порталымкIэ зэгъэпэщыпхъэщ. Абы нэмыщI дэфтэрхэм яхэлъын хуейщ укъызэралъхуам щыхьэт техъуэ тхылъыр, нэчыхь узэриIэмкIэ тхылъыр, СВО-м хэтым абыкIэ щыхьэт хуэхъу тхылъыр, СВО-м хэту дунейм ехыжам абыкIэ щыхьэт техъуэ тхылъыр.

Дэфтэрхэр дэтхэнэми и щхьэкIэ итын хуейщ КъБКъУ-м. ХэщIапIэр: Налшык, Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 173. Е пощткIэ иригъэхь хъунущ «Госуслуги» порталым и «Поступление в вуз онлайн» напэкIуэцIымкIэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**



## МэракIуащхъуэр къэрахьэлIэж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым мэракIуащхъуэ пасэр (голубикэ) щыIуахыжын зэрыщIадзамкIэ цIыхухэм ядэгуэшащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

«МЭРАКIУАЩХЪУЭР щагъэкI губгъуэхэм республикэм гектар 200-м нэс щаубыд. Абы хэлъхьэж мы мэракIуэ лIэужьыгъуэр уней хадэхэми щагъэкIыну яфIэфI зэрыхъуар, - етх КIуэкIуэ Казбек. - МэракIуащхъуэ хьэсэхэр район къэс щыбольагъу, сыту жыпIэмэ, республикэр зыхэпсэукI щIыуэпсым ар фIы дыдэу йозэгъ.

Нэхъыбэу абы зыщиужьащ Шэджэм, Аруан, Бахъсэн районхэм. ЛIэужьыгъуэ зыбжанэ зэрыхасэм и фIыгъэкIэ, абы и Iухыжыныр мазэ псокIэ йокIуэкI.

Фигу къызогъэкIыж ди республикэр мэракIуащхъуэ гъэкIынымкIэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми япэ зэритыр. Илъэс къэс ди мэкъумэшыщIэхэм мы мэракIуэ лIэужьыгъуэм щыщу тонн 300-м нэс къэрахьэлIэж, ар КИФЩI-м щыIуахыжым и процент 70 мэхъу.

Пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэхэкIхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэс зыбжанэ хъуауэ урысей щIыналъэхэм щыпэрытщ. 2025 гъэм къызэрабжамкIэ, мэкъумэш IуэхущIапIэ псоми зэхэту тонн мелуан 1,1-рэ къыщрахьэлIащ, зэIузэпэщу лажьэ хозяйствэхэм - хуэгъэфэщауэ тонн мин 746-м нэс. КъБР-м къэралым Iуихыж пхъэщхьэмыщхьэ-мэракIуэхэкIхэм я процент 23-р кърехьэлIэ, зэIузэпэщу лажьэ хозяйствэхэм - процент 36-рэ.

Иджыри узыщыгуфIыкIыпхъэщ езы Къэбэрдей-Балъкъэрыр пхъэщхьэмыщхьэкIэ процент 777,2-кIэ зэгъэпэщауэ зэрыщытыр. Абы и фIыгъэкIэ, республикэм 2025 гъэм Урысейм хыхьэ щIыналъэхэмрэ гъунэгъу къэралхэмрэ тонн мин 874,7-м нэс ярищэну Iэмал иIащ».

## Зэманым къегъэув

Хъыбарегъащlэ IэнатIэхэр

**«1 КъБР» телекомпанием и хэщIапIэм бадзэуэгъуэм и 15-м щекIуэкIащ зэIущIэ щхьэпэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм, телевиденэм, радиом я унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ яхуэзащ социальнэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ зи Iуэхутхьэбзэхэр пхызыгъэкI SMM-м и лIыкIуэхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ интернетыр къагъэсэбэпкIэрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэкIуатэ Iэмалхэм.**

- Нобэ дызыхэпсэукIыр апхуэдэ зэманщи, дыхуей-дыхуэмейми, интернетым депхащ, дунейм къыщыхъу псори газетхэмрэ телевиденэмрэ я закъуэ мыхъуу, жып телефонхэмкIи къыдощIэ. КIэщIу жыпIэмэ, ди гъащIэр а жып телефоным кIуэцIылъ нэрымылъагъу дунейм епхащ. Абы къыхэкIыу, тхылъымпIэм тедзауэ къыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэм, телевиденэмрэ радиомрэ ягъэхьэзыр нэтынхэм теплъэгъуэ кIэщIхэр къыхэхыжауэ социальнэ напэкIуэцIхэм къилъхьапхъэщ, редакцэ къэси зи гугъу тщIы напэкIуэцI зырыз яIэн хуейщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыр къызэрыгуэкI лэжьыгъэкъым, езым и хабзэ зиIэжщ, щIэныгъэшхуэ зэпхащ, жыпIэнуракъэ, унэтIыныгъэ щхьэхуэу, дызыхуэныкъуэ дыдэу къежьа гуэрщ. Дэ ди къалэныр абы и мыхьэнэр къывгурыдгъэIуэнырщ, мыбдеж, КъБР-м, SMM гуп къыщызэдгъэпэщынырщ, е редакцэ къэс езым и лэжьакIуэхэм ящыщ къыхахыу, ахэр дгъэсэнырщ, - жиIащ медиатехнолог, КъБР-м къыщызэрагъэпэща технологие штабым и лэжьакIуэ Ибрагимовэ Гузель.

Ибрагимовэм жиIам теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Горянка», «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ Гузель зи гугъу ищIа лэжьыгъэр зэрыщхьэпэм, а Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтеублэным пыщIа ныкъусаныгъэхэмрэ Iуэху зэIумыбзхэмрэ.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Лъэтэн щIедзэ

АБХЪАЗ. ***Самарэ икIыу Сыхъум кIуэхэр тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу плIэ зэпащIэнущ кхъухьлъатэхэм. Рейсхэм щIадзэнущ бадзэуэгъуэм и 19-м. Iуэхур игъэзэщIэнущ Nordwind авиакомпанием, тIысыпIи 189-м хуэщIа и 7371800 Boeing кхъухьлъатэхэмкIэ.***



САМАРЭ укъикIыу Сыхъум улъэтэфынущ бэрэжьеймрэ тхьэмахуэмрэ.

Апхуэдэуи бадзэуэгъуэм и 28-м Ural Airlines авиакомпанием иутIыпщынущ Самарэрэ Сыхъумрэ гъубжымрэ щэбэтымрэ зэпызыщIэну кхъухьлъатэхэр. Рейсхэр ягъэзэщIэнущ фокIадэм и кIэм нэсыху.

### Адыгэ джэгу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм щыщIедзэ «Адыгэ джэгу» творческэ пшыхьхэм. Абы къыщаIэтыж хабзэхэр, фIыуэ ялъагъу макъамэхэр щоIу, щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр къыщызыкъуах.***

КЪАФЭМ и япэ пшыхьыр нобэ сыхьэт 19-м щаублэ Мейкъуапэ дэт ЩIалэгъуалэ центрым. Ар екIуэкIынущ «Абрэджхэр» адыгэ къэфакIуэ цIыхубэ ансамблыр ящIыгъуу, Адыгэ Республикэм и «Адыгэ Хасэ - Шэрджэс парламент» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэр я щIэгъэкъуэну.

КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, хьэщIэхэм я гукъыдэжыр къаIэтынущ утыкум щагъэлъэгъуэнухэм, къафэхэм, махуэшхуэм нэхъ екIуу хэтахэм гукъинэж тыгъэхэр хуащIынущ.

«Адыгейм и щIалэгъуалэ» центрым зэрыщыжаIамкIэ, къыкIэлъыкIуэ апхуэдэ пшыхьхэр екIуэкIынущ бадзэуэгъуэм и 30-м, шыщхьэуIум 13, 27-хэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**



● Зауэм и бынхэр

# Хуиту дыбэуэжат

**ФIыгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ зи гуращэу псэу лэжьакIуэбэр игъэхыщIат лъахэм къытепсыха гуауэшхуэм. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къежьат, ди Хэкум и хъугъуэфIыгъуэ псори зыIэрагъэхьэу, тепщэ зыхуащIын мурад яIэу. Ауэ зылI и быну тэджа ди советыдзэм яхузэфIэкIащ, дзэ къежьар дэр нэхърэ нэхъыфIу Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэдами, лъахэр къыIэщIагъэкIыжу къыздикIам яхужыну. ЗэщIэтэджа лэжьакIуэбэм я сабий ныкъуэпIхэр пэрытащ балигъхэм къызэранэкIа IэнатIэм.**



А ЗЭМАН хьэлъэм зи цIыкIугъуэр хиубыдахэм сабиигъуэр зищIысыр ямыщIэу къэхъуащ. Абыхэм ящыщщ зи ныбжьыр илъэс 93-м нэблэгъа дадэ Iумахуэ, зи гъащIэр сабий гъэсэным езыта, егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ лэжьа, нобэми щIэблэм щапхъэ яхуэхъу, гъащIэм жыджэру хэт, къуажэм пщIэшхуэ щызиIэ, Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэм къыщалъхуа Хьэцым Уэлий.

Абы и адэ Мэжид и ныбжьыр зэрыхэкIуэтам папщIэ зауэм ямыгъакIуэу къуажэм къыдана цIыхухъу закъуэтIакъуэхэм ящыщт. Апхуэдэхэм жылэр зыхуей хуагъазэрт, зауэм Iуувахэм я Iыхьлыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъурт. А зэманым цIыхухъухэм я нэхъыбэм я ныбжьыр хэкIуэтауэт щхьэгъусэ къыщашэри, зэщхьэгъусэхэм къащIэхъуа сабиитхури цIыкIу-цIыкIу защIэт, Уэлии яхэту.

Къуажэхэм, къалэхэм заузэщIырт, я щIалэ, хъыджэбз жанхэм союзпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм саугъэт лъапIэхэмрэ дипломхэмрэ къыщыхуагъэфащэрт. НасыпыфIэу зызылъытэж цIыхухэм дэнэ щащIэнт къэралымрэ цIыхубэмрэ гузэвэгъуэшхуэ къазэрыпэплъэр?! Ауэ «Мащэ зытI йохуэж» жыхуаIэрати, езыхэм къатIа мащэм ихуэжахэщ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр.

АдэкIэ фыщызгъэгъуэзэнщ Уэлий къыджиIахэм:

- Ди щIыналъэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къыщысам си школ кIуэгъуэ хъуат. Си адэр колхозым хэтт, си анэм сабиитхур зыхуей дыхуигъазэрт, дыцIыкIуми, зэрытхузэфIэкIкIэ, дадэIэпыкъурт ди нэхъыжьхэм. А зэман хьэлъэм дэ тлъэгъуа гузэвэгъуэмрэ дызыхэта бэлыхьымрэ Тхьэм фимыгъэлъагъукIэ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди деж къыщысар иджыпсту хуэдэу сощIэж. Бжьэпэм тет ди унэр кIыхьу пэшитI хъурт, сенэ я кум иту, бжитIи хэлът зэхуэзанщIэу, зымкIэ укъыщIыхьэрэ адрей лъэныкъуэмкIэ хадэм уихьэу. Нэмыцэхэр къуажэм къызэрыдыхьэу накIуэ-пакIуэу ди деж къыIухьащ. Унэм и зы пэшым псори дыщIагуэри, къытхэтIысхьащ хьэкIэкхъуэкIэхэм ящыщ зы. Ар нэхъыщхьэ гуэру къыщIэкIынт, хуабжьу и сэлэт фащэр гъэщIэрэщIат.

Ди унэм и щIыбагъым гъущI псыгъуэ кIыхьышхуэ щыхатIат. И зы лъэныкъуэмкIэ я ныпыр щыфIадзат. ХатIам зыкъомрэ сегупсысащ зищIысыр къысхуэмыщIэу, итIанэ къызгурыIуащ, телефон кIапсэу зэрыщытыр. Ди адэм бжьэпэм щыхисауэ щыта кIарц жыг баринэшхуэм и лъабжьэр тIысыпIэ ящIауэ, ди хьэблэм нэмыцэрэ румыну ныдэтIысхьахэр щызэхуэсырт пщэдджыжьыпэм. ЗэбгрыкIыжырти, аргуэру пщыхьэщхьэм къызэхуэсыжырти, жэщыбг хъухукIэ щызэхэст. Я пщэфIапIэри абдеж щIагъэуващ щIэтт. Шхын бгъэхьэзырын папщIэ пхъэкIэ мафIэ пщIын хуейт а зэманым. КъуэкIиймкIэ уехмэ, мэзышхуэ итт, ауэ абыи уехын хуейтэкъэ, пхъэ къэпхьын папщIэ. Абы мыкIуэн щхьэкIэ, хадэм ит жыгхэр къагъауэу щIадзащ. Ар ди адэм щилъагъум ябгъэдыхьэри, «Мыр щхьэ къивудрэ?», жиIа хъунти, фоч лъэдакъэкIэ къеуэри, къраудауэ щытащ. Удынышхуэ зыгъуэта и щхьэм, куэдрэ игъэпсэужакъым ди адэр.

Шы иныжьитI яIэт абыхэм ди шэщым щIапхауэ. Пщэдджыжьым гу зырызым шитIыр щIэщIауэ нэмыцэхэм и ныкъуэр абы ису, имыхуэр яужьым иту зауэм кIуэрт. Я Iэщэ-фащэкIи фIыуэ зэщIэузэдат ахэр, ди адэм зэрыжиIэжу щытамкIэ. Пщыхьэщхьэм къагъэзэжырт, яукIар зым илъу, уIэгъэ хъуа сэлэтхэр адрейм илъу. КъуажэкхъэМ пэгъунэгъуу нэмыцэкхъэ ящIауэ яукIахэр абдеж щыщIалъхьэрт. Къуажэм дэт еджапIэр сымаджэщ ящIауэ, абы сэлэт уIэгъэхэр яшэрт.

Шэшэн щIыналъэм щыIэ щIыдагъэр зыIэрагъэхьэн мурад яIэу нэмыцэхэр хуабжьу абыкIэ еIэрт. Ди советыдзэр Мэлгъэбэг деж къащыпэувырти, абыкIэ ямыгъакIуэу зэхэуэхэрт, топ гъуагъуэ макъым уафэр дэзджызджу.

Ди къуажэм дэсахэм я нэхъыбэр румын хьэкIэкхъуэкIэхэрати, ягъуэтыр зэщIакъуэрт, яхузэщIэмыкъуэр ягъэсырт.

Си нэгум схущIэгъэкIыркъым ахэр ди къуажэм щыдахужа махуэм къэхъуауэ щыта гужьеигъуэшхуэр. Курп лъагапIэмкIэ ди совет сэлэтхэр къауэрт. Псым узэрызэпрыкIыу метр щитху нэхъыбэ умыкIуэу нэмыцэхэм я топу плIы-тху Къаншыуей дэтт. Ди унэр бжьэпэ дыдэм деж щхьэщытти, псори плъагъурт. Чы бжэгъум къыхэщIыкIа ди унэр гъуагъуэ макъым дэзджызджырт, щхьэгъубжэ зыри хэлъыжтэкъым, зэ уэгъуэм зэпкърыщэщынут. Тпэмыжыжьэу псэу ди адэ къуэшым я унэр ятIэ чырбышт къызыхэщIыкIари, «абы и блынхэр нэхъ быдэщ» жеIэри, ди адэм дегъакIуэ.

МафIэ лыгъэр къэлындарэ, Iугъуэрэгъуэзрэ фIэкIа зыри умылъагъужу зэхоуэ, сабиихэмрэ балигъхэмрэ я зэрыгъэкIий макъым щIылъэр дозджыздж. Топхэм я гъуагъуэ макъым щхьэ куцIыр къегъачэ. Пэшым щIэт гъуэлъыпIэ лъабжьэм дыкIэщIагъэтIысхьауэ дыкIэщIэсщ, балигъхэр щхьэгъубжэм Iутщ. Ди сэлэтхэр бжьэпэм къыщхьэщыхьауэ къуажэм къобгъэрыкIуэ. Гъунэгъум я гуэщыщхьэм зы нэмыцэ пулемёт иIыгъыу итIысхьауэ, ди сэлэт бжьэпэм къыщхьэщыхьэм гуузу яхоуэ. Советыдзэм щыщ зы танк бжьэпэм къыщхьэщыхьэри, пулемётымкIэ яхэуэ нэмыцэр къриудыхащ. Дэри дызыщIэс унэр кIыфI хъуат, зэшэзэпIэу. Балигъхэр щхьэгъубжэмкIэ къыдидзат, дэ гъуэлъыпIэр зыбгъэдэта блыным дыкIэщIэсу дыкъанэри. Щхьэгъубжэм къыдидза балигъхэм фэбжьышхуэ зыгъуэта яхэтт.

«Блынхэр быдэщи нэхъ хъума фыщыхъунщ», - жысIэу фыздэзгъэкIуамыхъум, сынаплъэмэ, унэм и зы блын закъуэ фIэкIа итыжтэкъым. СыкъэуIэбжьауэ си пIэм симыкIыфу сыщытт. ИтIанэ, зэрыгъэкIий макъ къэIури, си гур къызэрыгъуэтыжат», - жиIэжу щытащ си адэм. Сытми, жьыIурыхьэгъуэкIэ зэпыуа зэхэуэ гуащIэм дыкъыхахыжащ сабийхэр. Советыдзэхэм нэмыцэхэр къуажэм щыдахужам, хуиту дыбэуэжат.

А хьэщхьэрыIуэхэр ди къуажэм зэрыдэса мэзищым Iуэхущ IапIэу дэтыр зэтрагъэсхьат, унагъуэхэр зэрыпсэу джэд-къазхэмрэ Iэщхэмрэ зэтраукIат. КIэщIу жыпIэмэ, псори зэхакъутат, зэхафыщIат. Ауэ лэжьакIуэбэм я бгыр щIакъузэри, хьэджэфаджэ ящIа къуажэр зэтрагъэувэжащ.

Ди анэм сабиитхур цIыкIуу дыкъыхуэнэри, ди адэр ихьат къытехуа фэбжьым. А зэман хьэлъэм псори дыздэIэпыкъуу дыздэпсэуащ. Нэхъыжьхэм сытым дежи къыджаIэу щыта «Псэм ипэ напэ» псалъэжьыр ди гъуазэу дыкъэхъуащ.

Илъэсийм курыт еджапIэм сагъакIуэри, 1953 гъэм къэзухащ. А гъэ дыдэм си анэм педучилищэм сыщIигъэтIысхьэри 1957 гъэм къэзухащ, фIыуэ седжауэ. Къуажэм къэзгъэзэжри, курыт еджапIэм сыщылэжьащ илъэс 44-м щIигъукIэ. НэгъуэщI IэнатIэ куэди къысхуагъэлъагъуэрт, ауэ сабийхэм сахэтмэ нэхъ къасщтэрти, си лэжьыгъэр IэщIыб сщIакъым.

Уэлийрэ и щхьэгъусэ Любэрэ бынищ зэдапIащ, ирагъэджащ, зыхуей хуагъэзащ. Псори унагъуэ щхьэхуэу мэпсэу. НэхъыжьыфIым дохъуэхъу быным я быныжым я гуфIэгъуэ илъагъуу куэдрэ Хьэцымхэ я жьантIэм дэсыну!

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

Алыхьталэм цIыхур зэрыпсэуну илъэс бжыгъэр и натIэм къритхауэ, абы нэсыхукIэ ищIэну псомкIи щхьэхуиту къегъэщI. А зэманым къриубыдэу псэхъумэу иIэщ мелыIычыр. Абы зэран хуэхъуну зи мурад жинхэмрэ шейтIанхэмрэ щыIэщ, ауэ зыри пэлъэщыркъым. МелыIычыр зи нэгу къыщIэхуа, и псалъэр зэхэзыха зырызхэм къызэраIуэтэжымкIэ, КъурIэным зэритымкIэ, ар цIыхубз сэфэтым итщ, зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъщ, лъэмыкI щымыIэу, псоми къагурыIуэ бзэ Iурылъщ, зэзэмызэххэщ нэрылъагъу щыхъур. Абы теухуащ ди газетым и ныбжьэгъуфI Къардэн Мухьэмэд и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэ хьэлэмэтыр.

# МелыIыч

## Къэмыгупсыса хъыбар

«АЛЫХЬТАЛЭМ и къарур инщ. Ар уи фIэщ ирихъуну дунейм куэд къыщохъу. Электрокъаруур лъэщагъышхуэ зыбгъэдэлъ щыблэр зэуа цIыхур, фIамыщIым хуэдэу мафIэм зэуэзэпсэу исын хуеяр, къелауэ щыIэщ, машинэхэр зэжьэхэуэу тхылъымпIэ зэкIуэцIышыхьам хуэдэу хъуам исахэм зыри къащымыщIауэ къикIхэри куэдыкIейщ, унэм и епщIанэ къатым къехуэхыу къела зэрыщыIэри пэжщ...

Ахэр псори къезыгъэл, зыхъумэ мелыIычыр зэрыщыIэм шэч къытепхьэ хъунукъым. ИщхьэкIэ жысIахэр гъащIэм къыщыхъуащ, зыри пцIы хэмылъу, зи фIэщ мыхъу зырызхэр щыIэ щхьэкIэ. Сэ къысхуаIуэтэжауэ фи пащхьэ ислъхьэну хъыбарри нэхъ гъэщIэгъуэныжщ, къызыщыщIар ноби псэущ. МелыIычыр зэрыщыIэр уи фIэщ хъун хуейщ мы зы закъуэмкIэ. Пэжу, мыр къызыщыщIа Мухьэмэдин и гъусахэм *(псэужхэкъым)* я унэцIэр къриIуэн идакъым, тхьэрыIуэкIэ къигъэгугъауэ щытащи, и щхьэусыгъуэри тхыгъэм и кIэухым къыщыфщIэнщ.

Ди къуажэм дэс Мухьэмэдин, лъагагъкIэ къимыкIами, бгъукIэ кIуауэ лIы быхъутIэ цIыкIущ, бэнакIуэу щытащ, ныбжь хъарзынэ иIэщ. Абы ныбжьэгъуу иIэт Хьэжмэстафэрэ Хьэжмухьэмэдрэ. Ахэр зэпэжыжьэтэкъым, зэрыцIыкIу лъандэрэ зэныбжьэгъут. Мэзхъумэу лажьэ Мухьэмэдин районым щыцIэрыIуэ цIыхут. Арат куейм хьэщIэ лъапIэу къихьэхэм зезыгъэплъыхьыр, щакIуэ зышэр. Хьэжмэстафэ колхозым бухгалтер нэхъыщхьэу, Хьэжмухьэмэд экономисту щылажьэхэрт. Зэгуэрым абыхэм Мухьэмэдин ираIуэкIащ зэныбжьэгъухэр щакIуэ зэгъусэу кIуэну зэрехъуапсэр.

- ЩакIуэ фыкIуа фэ тIур игъащIэм, зэ нэхъ мыхъуми. ФыщэкIуэфыну? - жеIэ Мухьэмэдин.

- Сыт мыбы жиIэ хьэдэгъуэдахэр?! ЛIо ущэкIуэным хэлъыр? Моуэ си нэгум зыгуэр къыщIэхуэну фIэкIа сыхуейкъым, - зегъэлI Хьэжмухьэмэд.

- Сыт абы хэлъыр, снайперым хуэдэу сышэрыуэмэ, мыщэ дыдэ дыхуэзэми зэгуиудыну си фоч (къэуал) зэгуэтыжьыр хьэзырмэ! Тызоубыдэ, соуэри, мыщафэр хьэзырщ, - жеIэ Хьэжмэстафэ.

- Ар хъарзынэщ, ауэ гуи пкIуэцIылъын хуейщ, - жеIэ Мухьэмэдин и фIэщу.

- Дыпшэну ухуэмейуэ арамэ, занщIэу жыIэ, адэ-модэ къыумыгъэкIуэкIыу, - къыпадзыж абы и ныбжьэгъухэм.

- Хъунщ-хъунщ, сеплъынщ сэ фэ фызэрыщакIуэм, хъарзынэу пщэдей лэжьэгъуэ махуэкъыми, фысшэнщ, зывгъэхьэзыр, - къегъэгугъэ и ныбжьэгъуитIыр Мухьэмэдин.

УщэкIуэнумэ, жыжьэ укIуэн хуейтэкъым, Махуэгъэпс жыжьэтэкъым, мэзми щIэмыс хьэкIэкхъуэкIэ щыIэтэкъым. Щыхь ухуей хьэмэрэ мыщэ жыпIэн - псори щыIэт, къэпхуэщэкIуф закъуэмэ. ЗызэщIаузадэри пщэдджыжьым лъэсу ежьащ зэныбжьэгъуищыр, Махуэгъэпс мэзым кIуэну.

- Дзыгъуэ дыдэ щIэс си гугъэкъым мы дыкъыздэпша Махуэгъэпсым. Фэндыкъуэ дыпшамэ хъунутэкъэ, мыр дауэ? - хуотхьэусыхэ Хьэжмухьэмэд Мухьэмэдин, шэджагъуэ нэужьыфI хъухукIэ мэзыр зыкIзыщхьэ зыщIу зыри зымыгъуэтар. - Мыщи щыхьи, жысIэркъым, нэгъуэщI мыхъуми, зы тхьэкIумэкIыхь цIыкIу къэдукIауэ дыкIуэжами арат, абы дызэхигъэсынт. Си щхьэкIэ адэкIэ лъэмбытI схуэчыжынукъым, гуэбэн сщIащи, тIэкIу зыдвгъэгъэпсэхуи дыкIуэжынщ, - жеIэри зрегъэщэтэх, бгъуэнщIагъышхуэ гуэрым пэмыжыжьэу.

Зэныбжьэгъухэр заулрэ щысауэ, Хьэжмухьэмэд мурад ищIащ бгъуэнщIагъым щIыхьэну. Фочыр къигъэIэгъуэурэ ежьа и ныбжьэгъум пэуващ Мухьэмэдин.

- Уэ угушыIэнщ, атIэми абы щIэс псор хэт ищIэрэ? Мыщэм удэджэгу хъунукъым, ар бжэнкъым, зыщумыгъэгъупщэ. Зэ уэгъуэкIэ къыпхуэмыукIыу уIэгъэ пщIамэ, уэ фIэкIа лIапIэ ищIынукъым, уIэщIэкIынукъым. ПсэзэпылъхьэпIэщ, сэ куэд си нэгу щIэкIащ.

- Уий, уий, иумыгъэлейт иджы. ЛIо, мыщэ си щыпэлъагъу уи гугъэрэ, фоч симыIэми, Iэ пцIанэкIэ сыхуэгъэзащ, стхьэлэнщ пIэтIэуэну хуимыту, - жеIэ Хьэжмухьэмэд, и фIэщрэ гушыIэрэ къыпхуэмыщIэу.

- Сэри арат сыхуэзэну сызыщIэхъуэпсыр, - зегъэлI Хьэжмэстафи зигъэ-Лашыну. - Мыщэлым хуэдэ щымыIэу жаIэ, и фэр-щэ? Неуэ, ди насыпыр абы къыщицIынуми фщIэркъым. Сэ сывигъусэщ, фыкъэмыскIэ зыкIи.

- Хуэмыза лIыфIщ. Алъандэм дэнэ мыгъуэ фыздэщыIар фэ пелуанитIыр, - жеIэ Мухьэмэдин, и фочыр къиштарэ япэ ищу. - Узэгъусэ хуэдэ щыIэкъым, къэхъунур зыми ищIэркъым.

БгъуэнщIагъым нэблэгъауэ абыхэм зэхах мыщэм и гъуахъуэ макъ къэIуу. Тхьэм ещIэ, цIыхумэ къыщIихьа.

- Мыщэм япэ зыкъригъэщамэ, пкIэрыкIынукъым, убэлэрыгъ хъунукъым, - жеIэ Мухьэмэдин.

- Уэлэхьи дыгушыIэ хуэдэурэ, ди кIэныр къикIа си гугъэм, - жиIэурэ Хьэжмухьэмэд и фочыр къегъэхьэзыр, гугъэшхуэ иIэу.

«Дэнэ фыздэкIуэр, кIуэдыжыпIэ фылъыхъуэу ара?» - жыхуиIэу мыщэр зэфIэту «бжэщхьэIум» къытеуващ, зэкIэ «хьэщIэхэм» хъыбар къаригъэащIэу. Ар зэфIэту къэувати, и теплъэ кьудейр пхурикъунт, гупщIэуз хэпхыну. БгъуэнщIагъыр иуфэбгъуат мыщэм и инагъым. И лъакъуэ бацэжьым къыхигъэжа, маисэм хуэдэ и лъабжьэнэжьхэр егъэдалъэ, зэ лъэгъуэм зыкъуиздзу уи щхьэфэр фIилъэфыну, и жьэ гъуахъуэм къыжьэдэпс, хьэджэсэм хуэдэ дзэ пIащэхэри хьэзырщ уи Iэпкълъэпкъыр зэхакъутэну, зэхашхыхьыну.

«Пелуанхэр», унафэ зыхуащIа сэлэтхэм хуэдэу, я пIэм ижыхьащ, фоч зэраIыгъыр ямыщIэжыххэу. Мыщэ хуэзэмэ IэкIэ зытхьэлэну ихъу-илъу щытаитIыр къикIуэтурэ зрачри, бгъуэтмэ къащтэ, щтапIэ ихьэжащ, Мухьэмэдин мыщэм къыхуагъанэри. Мыщэм зиIэжьакъым - хэтми идэрт, и хэщIапIэм къихьар лъэныкъуэ иригъэзыну, щысхыншэу зэхикъутэну, итхьэлэну. Къэблэгъащ, зэ къэлъэжмэ Мухьэмэдин къылъэIэсыну. «Си щхьэмрэ си нэкIумрэ схъумэнщ, армыхъумэ ар фIилъэфмэ, е си нэхэр къритхъмэ зэфIэкIащ си гъащIэр, къупщхьэхэр зэхикъутэми Iуэхукъым, кIыжынщ, - игу къокI Мухьэмэдин. - СыщIэпхъуэнуми, кIасэ хъуащ, лъэмбытI сигъэкIуэнукъым, сыщIэмыпхъуэми... Сыт хуэдэу щымытми, псэр IэфIщ, зезгъэшхынкъым, зысхъумэжынщ, сеуэнщ фочымкIэ». Ар игукIэ жиIэри, мыщэр къыщылъэ дыдэм тригъапсэри, кIаккъур щIичащ Мухьэмэдин. Насып уимыIэмэ, зэрыжаIэу, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ - фочыр мэубзэщхъу. Мыщэр къосри, Мухьэмэ-дин къоуэри, фочыр IэщIеуд, и лъэбжьанэхэмкIэ и ныбафэм лъыр къежэхыу къресыпэх (насып иIэти, и щхьэм нэсакъым). КъыкIэлъоуэри, метр зытхухкIэ хыфIехуэ. КIэлъос, и Iэблэр еубыдри, зэхегъэщIыщIэ лъыпсыр къежэхыу.

- Iиман фиIэмэ, севмыгъэшхыу фочымкIэ фыкъеуэ, е, нэгъуэщI мыхъуми, дэвгъэуей, - мэкIий и макъым къызэрикIкIэ Мухьэмэдин, и гъусэхэм захригъэхыну. Ауэ дэнэт - зыри Iэшэлъашэм щыIэжтэкъым. Пэлъэщын и гугъэу зэзэмызи лъакъуэпэщIэдз хуещI, къаруэ иIэмкIэ и щхьэм йоуэ, ауэ дэнэт - утекIуэнт мыщэ домбейм? «ЛаIилахьэ Iиллэлахь, хьэкъ Мухьэмэду рэсулиллахь, я дэ ди тхьэу тхьэшхуэ, мы мыщэм сыкъегъэл», - йолъэIу ар Алыхьталэм, мыщэр хутыкъуа зэрыхъуу. Аргуэрыжьу мыщэр малъэри, зыуэ къыщымыхъуу Мухьэмэдин иреуд, и Iэблэ къыIэрыхьам лъыпсыр къежэхыу зэгуепхъ.

- Сыт сщIэнт - зы Iэмал сиIэжтэкъым сыкъелынкIи, зыкIэ сымыгугъэжу, нэджэIуджэ симыщIын щхьэкIэ, си IэхэмкIэ си щхьэмрэ си нэкIумрэ субыдыжащ, - игу къигъэкIыжу жиIэрт Мухьэмэдин. - Мыщэм и лъэбжьанэжьыр си нэкIум къэсыным къэнэжа щымыIэу, солъагъу абы и пщафэр зы Iэ лъэщ ин гуэрым иубыду, джэду цIыкIум хуэдэу сщхьэщихыу зэрыбзэхыжар. Си нэкIэ слъэгъуар си фIэщ мыхъуу, къаруэ сиIэр зыхэслъхьэри сыкъызэфIэтIысхьащ. Зысплъыхьа щхьэкIэ, ажалым сыкъыIэщIэзыхари мыщэри къысIэщIэлъэгъуэжакъым. Си гъусахэм седжа щхьэкIэ дэнэт, зыри щыIэтэкъым. Алыхьталэм и къарур инщ, армыхъумэ, сыт мы къэхъуа гъэщIэгъуэныр, апхуэдиз зи инагъ мыщэр зы къыщымыхъуу Iузыхар? СызэхэфыщIарэ лъыр къызэжэхыу, си IитIыр щIагъуэу къыздэмыбзыжу зэхэкъутауэ, пщапэ зэхэуэгъуэм унэм си псэр нэслъэфэсыжащ.

Мухьэмэдин ажалым къыIэщIэзыхар МелыIычу зэрыщытым шэч лъэпкъ къытепхьэ хъунукъым. Алыхьталэм мелыIычыр сыт хуэдэ щытыкIэми ихьэфу, псори лъэкIыу, цIыху псэхъумэу къигъэщIащ. Алыхьталэм и лъэкIыныгъэр гъунапкъэншэу инщ, ар зэи пщыгъупщэ хъунукъым».

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАРДЭН Маритэщ.**

● УФСБ

### Хабзэншагъэр къызэпауд

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я зым и унафэщIым илэжь хабзэншагъэр.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, абы унафэхэр къищтэрт бюджетым хэмыхьэ къэрал фондхэм я ахъшэр зыхуэмыфащэм тригъэкIуэдэну. Апхуэдэ хабзэншагъэм кърикIуащ сом мелуан 31-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м 285.2 статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскIэ ягъэтIыс.

### Нацизмэр диIыгъыу шэч хуащI

**ФСБ-м и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ илъэс 41-рэ зи ныбжь налшыкдэсым зэрихьэ хабзэншагъэр.**

АБЫ социальнэ напэкIуэцIхэм ящыщ зым ирилъхьащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм къэралыр зыхъумахэр зыгъэикIэ тхыгъэ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 354.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, ар илъэси 5-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ хъунущ.

● КъБР-м и прокуратурэ

### Иджы тыншу удохьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Май районым щиIэ прокуратурэм къипщытащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэм къегъэлакIуэхэр автомашинэхэмкIэ дыхьэфынымкIэ щыэ Iэмалхэр зыхуэдэр.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, Май къалэм Комаровым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №10-м и пщIантIэм и апхуэдэ дыхьэпIэ закъуэр гъущIхэкI конструкцэкIэ гъэбыдат.

Районым и прокуратурэм а някъусаныгъэр гъэзэкIуэжыныр IуэхущIапIэм и унафэщIым хуигъэлъэгъуащ. КIэлъыплъакIуэ IэнатIэр Iуэхум хэIэба иужькIэ ягъэува гъущI зэкIэрыгъэвар Iуахыжащ.

### ПсыкIэ къызэгъэпэщащ

**Республикэм и Тэрч районым и прокуратурэм и фIыгъэкIэ, фэтэр куэду зэхэт унэм псыр зэблэмыуууэ яIэныр къызэгъэпэща хъуащ. Къэпщытэныгъэр ирагъэкIуэкIащ щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым закъыхуигъэза нэужь.**

КIЭЛЪЫПЛЪЫНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым къахутащ Интернациональнэ поселкэм и Парковэ уэрамым тет, фэтэр куэду зэхэт унэм псы щIыIэр хабзэм ипкъ иту зэраIэрымыхьэр, абы цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпиудыр.

Прокуратурэм а някъусаныгъэ игъэзэкIуэжыну хуигъэлъэгъуащ ар зи нэIэ щIэт IуэхущIапIэм и унафэщIым икIи псыр тэмэму яIэрыхьэныр зытетыпхъэ мардэм хуагъэкIуэжащ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАХЪСЭН Ланэщ.**

● Махуэгъэпс

# ЩыIащ бахъэрызекIуэ кхъухьхэр

**Зэдгъэщхьын щымыIэу нэхъапэм щымыIа кхъуафэ цIыкIур къызэригупсысам и мызакъуэу, зэхэзыгъэуваи къабжар Франджым XVIII лIэщIыгъуэм щыпсэуа топыдзэм и офицер, инженер IэщIагъэм езыр-езыру зыхуезыгъэсэжа, маркиз Клод Франсуа Дороте де Жоффруа д'Аббэщ.**

ЛИОН къалэм пэгъунэгъуу щежэх Соне псым зи гугъу тщIа маркизым и жэрдэмкIэ, 1783 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м трагъэхьащ дунейм щыяпэ дыдэу къалъыта бахъэрызекIуэ кхъухь цIыкIур, нэхъри дгъэбелджылымэ, пироскафыр (алыджыбзэщ, «пир» - мафIэ, «скафос» - кхъухь).

Тонни 182-рэ зи хьэлъагъ кхъуафэр и пIэ изыхун хуейуэ зэхэзыгъэувам къигупсысар захуабзэу лъэгум траукъуэдия, цилиндр закъуэ фIэкIа зимыIэ, бахъэм игъэлажьэ Iэмэпсымэ хьэлъэрт.

Клод Франсуа ар зэрызэпкърилъхьам и гугъу тщIымэ, пхъэкIэ зэщIэIулIа зызыгъэкIэрахъуэ ухуэныгъэм къэзыгъэзэж IэмалкIэ кърихуэкI пкъыгъуэм (поршень) къухьым и бгъуитIымкIи щхьэл щIыкIэу щыкIэригъэбыдыхьа шэрхъышхуитIыр щрихужьэкIэ, абыхэм якIэрыщIыхьа хьэнцэ бжыгъэмкIэ псыр зэрыщIригъэтхъурт.

«Пироскаф» зыфIаща кхъуафэр псым и жапIэм пэщIагъэувэу щрахужьэм, зэрыхъунур зыфIэтелъыджэ куэд къызэхуэсат. АрщхьэкIэ, метр 365-рэ фIэкIа зымыкIуа кхъухь цIыкIум псыIум зришэлIэжын хуей хъуащ, бахъэрылажьэ Iэмэпсымэу езыхужьэм щиудыныщIэм, къыпхуэмыцIыхужын хуэдизу зэхифыщIати.

Ар зи жагъуащэ хъуа маркизым и къэпщытэныгъэхэм адэкIэ пищэжыфакъым, Iэмэпсымэ гъуэзэджэу къигупсысами зэрызригъэужьын мылъкурэ ахъшэрэ къэралым и унафэщIхэми хьэрычэтыщIэхэми къызэрырамытам къыхэкIыу.

АтIэми, гъащIэр и пIэ иткъым: бахъэрызекIуэ кхъухьхэр зэпкъралъхьэн абы щхьэкIи къагъэнакъым. Маркизым кърихьэжьа Iуэхум адрейхэм пащащ. Пэжщ, а щIыкIэм тету иужьым къэунэхуахэри зыхуэдэр къызыгурымыIуахэри щыIащ, уеблэмэ мыхэр нэхъыбэт, къадэзыIыгъхэм елъытауэ.

Нэхъыбэм ягу ирихьыртэкъым бахъэрызекIуэ-мафIэрызекIуэхэм Iугъуэ куэдыщэ къызэрызыхаутIыпщыкIыр. Iуэхум хэзыщIыкIыу зыкъэзылъытэж гуэрхэм жаIэрт кхъуафэ лъэпкъыгъуэщIэхэр, псыхэмрэ хыжьейхэмрэ нэмыщI, тенджызи хышхуи темыхьэфыну.

АрщхьэкIэ, къызэрыхэдгъэщащи, гъащIэр къызэтеувыIэркъым. Ауэрэ здекIуэкIым, 1816 гъэм къыщыщIэдзауэ Европэ щIыгум и псыежэх нэхъ инхэм бахъэрызекIуэ кхъухьхэм пIалъэ пыухыкIам тету къыщакIухьу ирагъэжьащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Германием а щIыкIэм тету щаухуа кхъуафэ цIыкIухэри Рейнрэ Шпреерэ траутIыпщхьащ.

Ауэ щыт пэтми, цIыхухэм зыкъомрэ ягу темыхуэу къекIуэкIащ бахъэрызекIуэхэр кIэгъуасэрыхьу зэрыщытыр, къыщыхутэ Iэгъуэблагъэри нэр зыпхымыплъыф Iугъуэм зэрызэщIищтэр.

Псышхуэхэм, хырэ тенджыз хуэдэхэм, дызытепсэлъыхь техьэкIэм пщIэ нэхъ хуащI щыхъуари хуэфащэ гулъытэ нэхъ щигъуэтари «хыдзэлI нэсу» зыкъэзылъытэж зыбжанэм Атлантикэ хышхуэр и бгъуапIэмкIэ, къызыщыщIа къахэмыкIыу, бахъэрызекIуэхэмкIэ зэпаупщIа иужькIэщ.

Хым техьэ кхъухьхэм я лъэхъэнэщIэм и щIэдзапIэу къалъытар 1838 гъэращ. Абы щыгъуэщ «Сириус» зыфIаща кхъуафэм жэщмахуэ 18-рэ сыхьэти 10-м къриубыдэу Атлантикэр щызэпиупщIар.

АтIэми, бахъэрызекIуэхэм чэтэн жьыхьхъэр (парусхэр) иджыри куэдрэ дыщIагъуащ, «кхъухь лъэпкъыгъуэщIэр езыхужьэ хьэкур е зэIохьэ, е абы ирадзэ фIамыщIыр зэщIоупсапсэ» жаIэрти.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Дунейм щыхъыбархэр

### ТекIуэныгъэр къытпоплъэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым иригъэкIуэкIа «Псори ТекIуэныгъэм папщIэ» форумым.**

КЪЭРАЛЫМ и УнафэщIым къыхигъэщащ зэщIэхъееныгъэм дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ яхуэгъэзауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Мы зэманым а Iуэхум нэхърэ нэхъыщхьэ щыIэкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ ЦIыхубэ фронтым пщэрылъ зэщищIыжам хуэдиз зэфIэзыгъэкI нэгъуэщI IэнатIэ бгъуэтынкъым, дзэ Iуэху хэхам хэтхэми абыхэм я унагъуэхэми унэтIыныгъэ псомкIи щIэгъэкъуэн фахуохъу», - жиIащ Путин Владимир.

Апхуэдэу Урысейм и Президентым къыхигъэщащ ди цIыхухэм сыт хуэдэ гугъуехьри шынэри къызэрызэранэкIыфым къэралым къару къызэрыритыр, ар лъэщ зэрищIыр. «Абы къыхэкIыуи дэ сытым дежи ипэкIэ дыкIуэнущ. Шэч хэмылъуи, Урысейм текIуэныгъэр къыпоплъэ», - жиIащ къэралым и ЛIыщхьэм.

### МылъкукIэ зыщIагъакъуэ

**Урысейм и Правительствэм сом меларди 3 хухихынущ Курск, Белгород областхэм щыпсэухэу зи унэхэр зыфIэкIуэдахэм защIэгъэкъуэнымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхум.**

«А МЫЛЪКУР текIуэдэнущ зи унэхэр зэтракъута цIыхухэм псэупIэхэр бэджэнду къызэращтам пэкIуэм, фэтэрыщIэ къащэхуным е я унэ яухуэнымкIэ ядэIэпыкъуным», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Курск, Белгород, Брянск областхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ, а щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ программэр Урысейм и Президентым и унафэкIэ ягъэзащIэ икIи абы и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIари мащIэкъым.

Бадзэуэгъуэм и 16, *махуэку*

♦ **1922 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **КIэрэф Мухьэмэд**.

♦ **1935 гъэм** къалъхуащ СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, къэралым щэнейрэ и чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Анатолэ**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ искусствоведенэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мэлбахъуэ Борис**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Бадзэуэгъуэм и 17, *мэрем*

♦ **Уголовнэ щIэпхъаджагъэ зылэжьахэм я хьэкумыр щIэным епха IэнатIэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **1942 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIу лэжьа, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Уэз Анатолэ**.

♦ **1948 гъэм** къалъхуащ шэрджэс сурэтыщI **Къардэн Мухьэдин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 25-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 32-рэ: 16-р хъыджэбз цIыкIущ, 16-р щIалэщ.

*Бадзэуэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 371-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4747-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

ЖьантIэм ущIэмыкъу, пхуэфащэмэ, къыплъысынщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# Бзэхэр нэхъыбэху - къэралыр нэхъ лъэщщ

**Саранск къалэм бадзэуэгъуэм и 1 - 2-хэм щызэхэтащ «Анэдэлъхубзэхэм я хъугъуэфIыгъуэ къигъэхъуапIэ: хъумэн икIи зегъэужьын» дунейпсо конференц. Ар егъэщIылIат Лъэпкъыбзэхэм я илъэсипщIыр УФ-м зэрыщекIуэкIым.**

КОНФЕРЕНЦЫМ и лэжьыгъэм хэтащ щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, информацэм епха эксперт 300-м нэс, Урысейм и щIыналъэ 34-м, хамэ къэрал 31-м къикIауэ: Азербайджаным, Анголэм, Аргентинэм, Бразилием, Вьетнамым, Замбием, Камеруным, къинэмыщIхэм.

Конференцым и хьэщIэ лъапIэу щытащ ЮНЕСКО-м и 43-нэ сессием и Секретарь нэхъыщхьэ Хандкер Мухьэмэд ТIалхьэрэ Анголэм щэнхабзэмкIэ и министр Зау Филиппрэ.

Урысейм и Лъэпкъхэм я унэм и унафэщI Баринов Игорь къызэрыхигъэщамкIэ: «Лъэпкъыбзэхэм я илъэсипщIым фIыуэ къыздихьахэм ящыщщ бзэм епха жэрдэмхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу къэрахьэжьэ Iуэху зыбжанэу зэрыщымытыжыр. Къэралым, жылагъуэм, хьэрычэтыщIэхэм зэдэлэжьэн зэрыщIадзам и фIыгъэкIэ, Урысейм щызекIуэ бзэхэр хъумэныр зы унафэм екIуалIэу хъуащи, абы фIым ущегъэгугъ».

Дызытепсэлъыхь конференцым къыщаIэта псалъэмакъым пэджэжу пхужыIэнущ Интернетым хэIущIыIу щыхъуа, РАН-м ОкеанологиемкIэ и институтым и унафэщI, Башкортостаным и ЩIэныгъэ Академием и унафэщIу щыта, хамэ къэралхэм къыщацIыху академик Нигматулин Роберт и псалъэхэр. «Урысейр: зэмыщхьэныгъэм къыхэкIа зэкъуэтыныгъэ» зыфIащауэ щыта урысейпсо конференцым щIэныгъэлIыр жьакIуэу щытепсэлъыхьауэ щытащ лъэпкъ цIыкIухэм я бзэхэр зэрыкIуэдыр уигу тебгъахуэ зэрымыхъунум.

«Сэ сыпсэлъэну утыкум сыкъихьэнутэкъым, зи гугъу сщIыну сызыхуей гуэр къызэрынэм гу лъызмытамэ, - жиIащ Нигматулиным. - Ар къызыгурыIуапхъэхэм иджыри къафIэIуэхуркъым. Зи гугъу сщIынур ди лъэпкъыбзэхэрщ. Сэ зэрысщIэмкIэ, тэтэрхэм, башкирхэм, адрей финно-угор бзэхэм ирипсалъэхэм я гугъу сщIыххэркъым, я процент 80-м я анэдэлъхубзэмкIэ зэгуэкIуам «фIыуэ узолъагъу» жраIэжыфыну си фIэщ хъуркъым. Сэ сыурысщ, ауэ сыкъызытехъукIахэм *(тэтэрхэмрэ башкирхэмрэ иджыри зодауэ щIэныгъэлIыр къызыхэкIар ди лъэпкъырщ жаIэри* - **Ч. М.** ) я щIыхуи стелъу къызолъытэри, аращ мыр щIыжысIэр. Гу лъыптэу, Тэтэрстанми, Башкортостанми анэдэлъхубзэ щезыгъэджхэм зэуэ я лэжьапIэхэр яфIэкIуэдащ. ГурыIуэгъуэщ, лъэпкъыр игъащIэкIи псэунукъым. Лъэпкъым и кIуэцIым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр нэхъ гъащIэ кIыхьу къыщIэкIынщ. Дауэ хъуми, илъэс къэс бзэ гуэрхэр кIэроху. Дэри игъащIэкIи дыпсэунукъым. ИтIани, дызэрылIэжынур тщIэ пэтми, ди узыншагъэм дыкIэлъоплъ. Лъэпкъыбзэхэри зэрыхъукIэ нэхъыбэрэ къызэрызэтенэным Iэмал имыIэу елIэлIэн хуейщ. Урысыбзэми зэлэжьын имыIэу щыткъым, абыи лъэпощхьэпо и куэдщ. Языныкъуэ ди щIэныгъэлIхэм урысыбзэр къагъанэри, я тхыгъэхэр инджылызыбзэкIэ ягъэхьэзыр. ЩIэныгъэм и дунейм урысыбзэм къыщыщхьэщыжыпхъэщ. Зумыгъэужьмэ, и мыхьэнэхэм зумыгъэубгъумэ, дэтхэнэ бзэри икIуэтынущ, урысыбзэм и Iуэхури аращ зэрыщытыр. Лъэпкъ цIыкIухэм я бзэхэм я гугъу умыщIыххэ.

Лъэпкъыбзэхэр бджыныр пщIэ зыпылъ Iуэху щIын хуейщ. Бзищ зыщIэ цIыхум - урысыбзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ зы хамэ къэралыбзи къадэкIуэу - хуащI пщIэр нэхъ ину щрет. Апхуэдэ Iэмал езытыф школхэр япэ игъэщыпхъэщ, еджапIэ нэхъыщхьэхэми нэхъ тыншу щIагъэтIысхьэу.

Сэ ныбжьэгъу зыбжанэ сиIэщ, лъэпкъ школхэр къаухауэ. Си егъэджакIуитI-академикхэм зым ермэлы школ, адрейм - узбек школ къиухащ. Ахэр Урысейм къыщыIэпхъуам щыгъуэ, я урысыбзэмкIэ адрейхэм къакIэрыхуртт. Ауэ зэман дэкIа нэужь, илъэс 30 щрикъуахэм деж, я урысыбзэр урысхэм ейм нэхърэ нэхъыфI хъуауэ щытащ.

Бзэ зыбжанэм урипсэлъэфыным а зы цIыхум и закъуэкъым лъагэу иIэтыр. Ар къэралым и къарущ. Сыту жыпIэмэ, къэралым щIэныгъэрэ зэчийрэ зыбгъэдэлъ цIыху нэхъыбэ исыху, ди Хэкур нэхъ лъэрызехьэ хъунущ. А лъэныкъуэмкIэ фIыуэ дыкъыкIэрыхуащи, абы егъэлеяуэ уегъэнэщхъей».

«Лъэпкъыбзэхэр езыхэм я гукъыдэжкIэ яджын» унафэр 2018 гъэм къыщыдэкIам щыгъуэ, Нигматулиныр абыкIэ мыарэзыуэ къэпсэлъауэ щытащ, и еплъыкIэр щапхъэкIэ щIигъэбыдэжу: «Башкортостаным сыщыщылажьэм щыгъуэ, къуажэ гуэрым и колхоз унафэщI зэзгъэцIыхуат, Сафин си гугъэжт и унэцIэр. Зэгуэр абы сеупщIащ: «Уэ утэтэр, хьэмэрэ убашкир?».

«Сыудмуртщ, - жиIащ. - Унагъуэм удмуртыбзэкIэ дыщопсалъэ. Къуажэм сыдыхьэмэ, тэтэр-башкирыбзэкIэ допсалъэ. Районым сыкъакIуэмэ, урысыбзэм сытохьэ». Адрейхэм фIыкIэ къазэрыхэщрат абы гу щIылъыстар. Псом нэхърэ нэхъ губзыгъэт. Бзэм ирипсалъэ цIыхухэр уэрамым къакIухьри дэтщ, ар къэгъэсэбэпын хуейщ. ЗэгъэщIэн хуейщ лъэпкъыбзэхэр псори. Абы лъэпкъыр нэхъ губзыгъэ ищIын фIэкIа, зэраныгъэ къишэнукъым. «Сыт лъэпкъыбзэхэр зэрытщIынур?» - жызыIэхэм уедаIуэ хъунукъым. Уеблэмэ лъэпкъыбзэм ирипсалъэ депутатхэм ахъшэ нэхъыбэ естынт. ЦIыхухэр дегъэхьэхын хуейщ я бзэр яджыным. Абы ухуэзышэнур гъэсэныгъэм и закъуэщ. Ар зэдмыгъэхъулIэфмэ, акъылыншагъэм, Iиманыншагъэм дыхуэкIуэну аращ, абы къэралыр нэхъ быдэ ищIынукъым».

# Уафэр гъуанэ хъуакъым

**Мыгъэрей гъэмахуэр зэрыуэлбанэрилэр, адыгэбзэ къабзэкIэ жыпIэмэ, «уафэр гъуанэ зэрыхъуар» илъэсым и нэщэнэрэ дунейм и щытыкIэ дызытеплъэкъукIарэ хэт ищIэу пIэрэ?**

ГЪЭМАХУЭР уэшхрилэмэ, ар гъавэм дежкIэ зэрынэхъыфIым шэч хэлъкъым, дауи, уэлбанэр псыдзэм е ятIэпсым хуэмыкIуэмэ. ЦIыхухэр арэзы дыпщIыну зэрыгугъури Iуэхум хэбгъэкIыпэ хъунукъым. Иджы псалъэмакъ гуэрхэр къежьащ пшэхэм уэшхыр щIахуэмыубыдыж щхьэусыгъуэм теухуауэ. «Интернет къэпщытакIуэхэм» зэрыжаIэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэм мыухыж уэлбанэр къэзышар гъэмахуэпэм Ставрополь крайм къыщагъэщхьэпэ къэухь IэрыщIым и Iэмалхэрщ. Уеблэмэ псалъэмакъхэр апхуэдизкIэ гуащIэ хъуати, Ставрополь крайм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Ишков Константин утыкум къиувэн хуей хъуащ, щIыналъэр уэлбанэрилэ зэрыхъуар зытралъхьэ «Росгидромет»-м и кхъухьлъатэр зэрыкIуэжрэ куэд зэрыщIар цIыхухэм яжриIэу. А псом щыгъуазэ дещI «Ставропольмедиа» хъыбарегъэщIапIэм.

КъызэрыщIэкIымкIэ, гъатхэпэм и 25-м щегъэжьауэ мэлыжьыхьым и 25-м пщIондэ, Ставрополь крайм щагъэтIыса гъавэр уэгъум ирамыгъэхьын мурадкIэ, унафэщIхэм «Росгидромет» IуэхущIапIэм зыхуагъазэри, «уэшх къезыджэ» кхъухьлъатэр щIыналъэм къашауэ щытащ. Ар мы гъэм мазэ псокIэ крайм зэрыщылэжьэнумкIэ хъыбар зэбгритыкIауэ щытащ губернатор Владимиров Владимир. Лэжьыгъэхэр екIуэкIыху, уэшхыу къеших хабзэм нэхърэ процент 30-кIэ нэхъыбэ къешхащ. УэшхкIэ узыщыгугъ хъуну пшэхэм елэжьынырт техникэ гъэщIэгъуэным и зэфIэкIри, а лъэхъэнэм зыхуагъэувыжа мурадхэр къайхъулIащ, гъатхасэри бжьыхьэсэри уэгъум кърагъэлащ. Ауэ...

ЦIыхухэм сытым дежи ящIэр нэхъыбэщ. Накъыгъэмрэ мэкъуауэгъуэмрэ къриубыдэу, илъэсым къешхыпхъэ уэшхым и процент 80-р уафэм зэрыхуэмыIыгъыжыр щалъагъум, Ставрополь крайм щекIуэкIахэр зылъэгъуахэмрэ Iуэхур зыIут дыдэр зэрамыщIэмрэ зэхалъхьэжри, гъэмахуэ уэлбанэрилэр зи гугъу тщIа кхъухьлъатэм тралъхьэн щIадзащ. Аращ Ишковыр къэмыпсалъэу щIэмыхъуар. Министрым пресс-конференц зэхуишэсри, щытыкIэр къагуригъэIуащ: «Росгидромет»-м и кхъухьлъатэр Ставрополь крайм щыIэжкъым, уеблэмэ и лэжьыгъэр зэфIигъэкIыу щIыналъэр зэрибгынэрэ мазэ бжыгъэ хъуащ. Пэжщ, ар щIыуэпсым Iэмал щхьэхуэкIэ ебгъэрыкIуэу уэшх кърагъэшхын папщIэт къыщIраджар. Ауэ мэлыжьыхь лъандэрэ ар Ставрополь крайм и Iэгъуэблагъэм икIыжащ.

«ХъыбарегъэщIапIэхэр къызэрызэIупхыу, псори зи лажьэр а кхъухьлъатэращ жаIэри, гупсысэнуи хуеижхэкъым, - жиIащ Ишковым. - Кхъухьлъатэм ищIэнур ищIэри лъэтэжакIэщ». Ар къызэрашам и фIыгъэкIэ гъавэр мэбагъуэ, уеблэмэ гъунэгъу щIыналъэхэми щапхъэ трахын я мураду. Пэжщ, щIыр егъэлеяуэ псыIэ зэрыхъуар нэрылъагъущ, уеблэмэ комбайнхэмрэ тракторхэмрэ губгъуэм щимыхьэф къахуохуэ. Ауэ, итIани, ар езы щIыуэпсым и щытыкIэращ къызэрыкIар, цIыхур зэрыхэIэбаракъым, министрым зэрыжиIэмкIэ. Пресс-конференцым «фосфогипс» жыхуаIэ пкъыгъуэм и гугъу щащIащ, абы щIым и псыIагъым хегъэщI. ИтIани, псы куэдыIуэр нэхъыфIщ гъавэм дежкIэ, мащIэIуэм нэхърэ. Пшэхэр зэрызэбграху щIыкIэми зрагъэсэну хьэзырщ IэщIагъэлIхэр. А псом нэхърэ нэхъ шынагъуэщ щIым и IэфIыр щIэкIыу, ар къэбгъэщхьэпэ мыхъужыххэным ухуишэнкIи зэрыхъунур. Псы уримыкъунри нэхъ бэлыхьышхуэщ, уэшх куэдыIуэ къешхыным елъытауэ. Мэкъумэшым елэжь къулыкъущIэхэр а псоми хуосакъ, щIэныгъэр къагъэсэбэпурэ кIэлъоплъ.

Профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Закинян Роберт зэрыжиIэмкIэ, цIыхур щIыуэпсым кIэлъыплъу, къэхъупхъэ гуэрхэр и нэгум къыщIигъэхьэфу зригъэсауэ щытми, нэхъыбэр хуэгъэфэщэныгъэу къонэ. И хьэтыр лъагъупхъэщ дунейр зэрыщыту нэхъ пщтыр хъуауэ къызэралъытэми. АбыкIэ езы цIыхум фIэкIа зыри пхуэгъэкъуэншэнукъым. КIуэ пэтми, углекислый газ нэхъыбэ щIыуэпсым хаутIыпщхьэ. А псом дунейр хуабэщым ещхьу уэм ещI. НэхъыфI дыдэу ЩIылъэм пхуехьэлIэнур уи зэраныгъэ иумыгъэкIыныргщ. Уэшхрилэ зэрыхъум нэхърэ нэхъ гузэвэгъуэ куэди щыIэщ. Илъэсым гъавэ бэвкIэ дыщыгугъынщ.

Финансхэр

# ЩыIэнущ ахъшэ лIэужьыгъуэщIэхэр. Сыт ар зищIысыр?

**Лъэпкъ валютэм и ещанэ лIэужьыгъуэр, бжыгъэ сомыр, дяпэкIэ Урысейм къызэрыщагъэсэбэпынум еужьэрэкIыу зыхуагъэхьэзыр. Абы теплъэщIэ къритынущ ахъшэ зэIэпыхыкIэм, къэралым и мылъку тыкIэм, хьэрычэт Iуэху зехьэкIэм, ахъшэ зегъэкIуэкIэм. Зи гугъу тщIы IуэхущIэр 2026 гъэм фокIадэм и 1-м ирагъэжьэнущ. АпщIондэху банк нэхъ инхэм я системэхэр ЦБ-м и платформэм траухуэнущ, хабзэубзыхухэм унафэхэр къыдагъэкIынущ, щIыналъэхэм Iуэху зехьэкIэщIэм зыхуагъэхьэзырынущ.**

ФИНАНС технологиещIэм Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм зэрызригъэхъуэжынум, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къахуихьыну шынагъуэхэмрэ Iэмалхэмрэ, университетым бжыгъэр зи лъабжьэ экономикэм папщIэ IэщIагъэлIхэр зэригъэхьэзырым къытхутепсэлъыхьащ КъБКъУ-м ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтым Экономикэмрэ учет-аналитикэ хъыбарегъащIэ системэхэмкIэ и кафедрэм и профессор Аликаевэ Мадинэ.

Ахъшэ лIэужьыгъуэщIэхэр, бжыгъэ сомыр, республикэм щыпсэу куэдым я дежкIэ иджыри гурыIуэгъуэкъым, ар криптовалютэхэм ирагъэщхь. Ауэ, IэщIагъэлIым къызэрыхигъэщымкIэ, ахэр теплъэ, зегъэкIуэкIэ зэмыщхь Iэмэпсымэ щхьэхуэхэщ.

«Бжыгъэ сомыр криптовалютэкъым, атIэ УФ-м и Банк нэхъыщхьэм къыдигъэкI лъэпкъ валютэм и ещанэ лIэужьыгъуэщ, - жеIэ Аликаевэ Мадинэ. - Ари дызэса сом къызэрыгуэкIым хуэдизщ, бжыгъэ теплъэ зиIэ официальнэ ахъшэщ, Банк нэхъыщхьэм щахъумэу. Зэи зэпIэзэрыту щымыт биткоиным къыщхьэщыкIыу, бжыгъэ сомыр сытым дежи зэпIэзэрытщ, зезыгъакIуэр, зэзыгъэзахуэр къэралырщ, иригъэкIуэкI операцэхэр нэрылъагъущ. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ: мыр ахъшэ зэрат, зэрызэрагъакIуэ Iэмалщ, армыхъумэ, сондэджэрхэм къагъэсэбэпыфу е проценткIэ мылъку ягъэбагъуэу щытынукъым».

Техникэ и лъэныкъуэкIэ цIыхум бжыгъэ сомыр щихъумэ бохъшэр сыт хуэдэ банкми и гуэдзэным къыщызэIуихыфынущ, ауэ езы ахъшэр коммерческэ банккъым щахъумэнур, атIэ УФ-м и ЦБ-м зыуэ щыт и платформэрщ. ЦIыхухэм ахъшэр зэрызэIэпахым пщIэ щIатынукъым, ар зэрыщытым хуэдэу къонэж, зым адрейм хуригъэдз щхьэкIэ зыри хэкIынукъым, ауэ хьэрычэтыщIэхэм зэIэпах ахъшэм процент 0,3-рэ хэкIынущ, ар эквайрингым нэхърэ куэдкIэ нэхъ мащIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм и хэкIыпIэхэм, туризмэм, хьэрычэт Iуэху мыиным, ику итым, ахъшэ зехьэкIэм зихъуэжыну жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгу псоми Iэмал нэхъыбэ къахузэIуех. Абы мыхьэнэ хэха иIэщ хьэрычэт Iуэхум, щIыналъэ экономикэм и къару нэхъыщхьэу щыт туризм IэнатIэм я дежкIэ.

«Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ ику итымрэ, псом хуэмыдэу цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымрэ туризмэмрэ епха IэнатIэм я Iуэхухэр бжыгъэ сомым куэдкIэ нэхъ тынш ищIынущ, транзакцэ щащIкIэ хэкI ахъшэр игъэмэщIэнущ, ахъшэр здэбутIыпщам нэхъ псынщIэу нэсынымкIэ Iэмэпсымэ гъуэзэджэ хъунущ, - къыхегъэщ профессорым. - Республикэм и хьэщIэхэр щIыпIэ нэхъ жыжьэхэм, лъагэхэм щыIэу Iуэхутхьэбзэхэм пщIэ щыщIатын папщIэ гугъуехь хэтыжынукъым, технологием офлайн жыпхъэм иту лэжьэну Iэмал къызэритым щхьэкIэ».

Бжыгъэ сомыр узыхуей гуэр къыхуэбгупсысу, къызэрумыгъэсэбэпыпхъэкIэ къэбгъэсэбэпыну Iэмал щыIэнукъым, абы ахъшэр имычэзууэ е зыхухэмыха Iуэхум трагъэкIуэдэнымкIэ щыIэ шынагъуэхэр егъэмащIэ. Абы къыхэкIыу, инвесторхэм щIыналъэ проектхэм хуащI дзыхьым хигъэхъуэнущ. Финанс Iуэхухэр нэрылъагъуу зэрыщытым КИФЩI-м и инвестицэ щытыкIэр ихъуэжыфынущ, абы мылъку къыхэзылъхьэну зи гуращэхэр нэхъ къыдихьэхынущ.

Шынагъуэхэмрэ тIасхъапIэхэмрэ я гугъу щищIым профессорым къыхигъэщхьэхукIащ бжыгъэ зэхъуэкIыныгъэхэр гугъуехьыншэу зэрыщымытыр, интернет гъэпцIакIуэхэм абыи я фейдэ къыхахыну зэрыхьэзырыр. УпщIэ нэхъыщхьэр цIыхухэм Iуэхум и зэхэлъыкIэр ягурыгъэIуэнырщ.

«Ди щIыналъэм дежкIэ гугъуехь нэхъыщхьэхэр бгылъэ щIыпIэхэм интернетыр тыншу къызэрыщимыубыдым и закъуэкъым, атIэ социально-экономикэ Iуэхугъуэхэми хэлъщ: лэжьапIэншэхэр зэрыщыIэр, финанс щIэныгъэ зэрамыIэр, нэгъуэщIхэри, - жеIэ Аликаевэ Мадинэ. - Бжыгъэ сомыр криптовалютэм, къызэрыгуэкI онлайн-банкингым къызэрыщхьэщыкIыр цIыхухэм къагурымыIуэмэ, ар гъэпцIакIуэхэм я дежкIэ сэбэпышхуэщ. Псом хуэмыдэу зэхъуэкIыныгъэхэм зэрыщIидзэу, фишинг сайт, инвестицэ платформэ нэпцIхэр къызэIуахыфынущ, цIыхухэр «хэхъуэшхуэхэмкIэ» къагъэгугъэу. Псом хуэмыдэу зэран яхуэхъуфынущ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ бжыгъэ технологиехэм мащIэу фIэкIа щымыгъуазэхэмрэ».

IэщIагъэлIым къыхегъэщ бжыгъэ сомхэми, ахъшэ Iэрылъхьэм хуэдэу, банк страховкэ зэрамыIэр, ар Банк нэхъыщхьэм щахъумэу аращ. Бжыгъэ бохъшэм и шынагъуэншагъэр зэлъытар езы цIыхурщ. Абы QR-кодхэр, паролхэр нэгъуэщIым иритын хуейкъым, е телефонкIэ зыкъыпызыщIэ гъэпцIакIуэм жиIэр и фIэщ хъууэ игъэзащIэ хъунукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIидзауэ а IэнатIэм кадрхэр хуегъэхьэзыр, къэхутэныгъэхэр ирегъэкIуэкI. ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ институтым щокIуэкI бжыгъэ активхэм щIыналъэ экономикэм зэрызригъэхъуэжынур зэпкърыхыным, криптоиндустриемрэ блокчейн-технологиехэмрэ зэрызэкIэлъагъакIуэ хабзэхэр джыным теухуауэ.

«КъБКъУ-м иджыпсту хуабжьу щолэжь мы Iуэхур гугъуехьыншэу гъащIэм хэпща хъуным. Абы папщIэ экономистхэр, IT-IэщIагъэлIхэр, юристхэр, социологхэр къагъэблэгъащ, - жеIэ Мадинэ. - Бжыгъэ валютэхэм зекIуэн щIадзэмэ, абы иIэну социально-экономикэ Iэужьхэр кууэ джыным, гугъуехьхэр нэхъ мащIэ щIыным теухуа стратегиехэр зэхалъхьэ. Гулъытэ хэха хуащI ахъшэм и къэгъэсэбэпыкIэм пыщIа хабзэхэр зэпкърыхыным, интеллектуальнэ мылъкур хъумэным, бжыгъэ идентичностыр зэтегъэувэным, нэгъуэщIхэми».

Абы къищынэмыщIауэ, университетым и егъэджэныгъэ планхэми дерсыщIэхэр хагъэхьэ: блокчейн, криптографие, кибершынагъуэншагъэ, бжыгъэ ахъшэр зэрызэрагъакIуэ, нэгъуэщIхэри. Практикэ дерсхэр, финанс, технологие компаниехэм ядэлэжьэныр, къызэрагъэпэщыну стажировкэхэр хуэунэтIащ еджапIэр къэзыуххэр, дипломыр къыщратыжа махуэм щегъэжьауэ, иджырей финанс платформэхэм щылэжьэфыным.

Бжыгъэ сомым тыншу хуэкIуэн, КъБР-мрэ КИФЩI-мрэ сэбэпынагъ куэд къахуихьын папщIэ, унафэщIхэр, хьэрычэтыщIэхэр, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр зэгъэуIуауэ зэдэлэжьэн хуейщ.

«КъулыкъущIэхэм щIыналъэр а Iуэхум нэхъ тыншу зэрыхуэкIуэн Iэмалхэр яубзыхун, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр хуабжьу сэбэп хъун, телеком-инфраструктурэм щIыпIэ псоми зыщегъэужьын хуейщ, - жеIэ профессорым. - ХьэрычэтыщIэхэм нэхъ пасэу щIадзэу бжыгъэ сомыр къызэрагъэсэбэпым зыхуагъэсэн, я лэжьакIуэхэри ирагъэджэн хуейщ. Университетхэм, КъБКъУ-ри яхэту, цIыхухэм я финанс щIэныгъэм жыджэру хагъэхъуэныр, бжыгъэ экономикэм и щытыкIэм щылэжьэфыну кадрхэр ягъэхьэзырыныр Iэмал зимыIэщ. Критикэ гупсысэкIэмрэ бжыгъэ Iэзагъымрэ сомыр зэрызэрагъэзэхуэфым хуэдэу хуэIэижь хъун хуейщ цIыхухэр».

Бжыгъэ сомыр ахъшэ Iэрылъхьэхэмрэ банк картэхэмрэ я пIэкIэ къэунэхуну аракъым, атIэ щIыналъэм и финанс системэр нэхъ нэрылъагъу, къэгъуэтыгъуафIэ, купщIафIэ зыщIын Iэмалу арщ. Кавказ Ищхъэрэр а щытыкIэм зэрыхуэхьэзырынур къэралым, хьэрычэтыщIэхэм, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм, дэтхэнэ зы цIыхуми я гуащIэм, жэуаплыныгъэм елъытащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым лъэкI къигъэнэнукъым щIыналъэр бжыгъэ финанс къэкIуэнум шынагъуэншэу лъэ быдэкIэ щыувын папщIэ.

**ДАРИЙ Дахэнур.**




# ТкIиягъми мардэ иIэщ

**«Махуэку» къыдэкIыгъуэхэм я зым психологхэмрэ адэ-анэхэмрэ я зэIущIэм дытепсэлъыхьауэ щытащ *(«Адыгэ псалъэ» №79, 02.07.26)*. Нобэ зи гугъу тщIыну Iыхьэр етшэжьэну тфIэщхьэпэщ а зэIущIэ дыдэм хэта, унагъуэ IуэхухэмкIэ психолог Темиркановэ Лейлэ и псалъэхэмкIэ.**

«ЗЭЩХЬЭГЪУСЭХЭМ я зэхущытыкIэм къыхэхуэ лъэпощхьэпохэр зыр адрейм зэрыщыгугъым елъытауэ къыщIокIыж сыт щыгъуи, - жиIащ Лейлэ, упщIэхэм я зым жэуап щритым. - «Адрейхэр умыгъэкъуанши, уэри уагъэкъуэншэнкъым» жаIэри Iущыгъэ цIэрыIуэ гуэр щыIэщ. Ар мыпхуэдэу зэсхъуэкIынт сэ: «Зыри зыми иумылъыти, уэри зыми уралъытынкъым». Ар щIыжысIэр хъыбарегъэщIапIэхэр унагъуэ Iуэхум Iэ щIыIэкIэ къызэрыхэIэбар зэрынэрылъагъурщ. Сурэт кърaлъхьэхэм, видеохэм еплъа нэужь, езыхэм я Iуэхур мыщIагъуэу къафIэзыгъэщI гупсысэхэм япэмылъэщыж мэхъу языныкъуэ зэщхьэгъусэхэр: «Мобы и лIым мыпхуэдэ машинэ тыгъэ къыхуищIащ, сысейм къысхуищIакъым». Е, гупсысэр цIыхухъумэ: «Мобы и щхьэгъусэм спорт Iуэху зэрехуэ, и Iэпкълъэпкъыр зэщIэкъуащ, сысейр а лъэныкъуэмкIэ щIагъуэкъым». «Зыр адрейм зэрыщыгугъыр» щыжысIэм деж, къизгъэкIыр арaщ. Зыщыгугъар имыгъуэтыху, езым зыри зыдимыгъуэжу, и гуэгъур игъэкъуэншэн щIедзэ.

Абы хэлъхьэж Кавказым щыпсэухэм ди хьэл мыгъуэр: псэлъэкIэ зэрыдмыщIэр. Апажэ Валерэ щыпсалъэм, адэ-анэхэр сабийхэм зэрадэмыуэршэрым къиихь зэраныгъэхэм я гугъу ищIат. АтIэ, и быным емыпсэлъэф цIыхур и щхьэгъусэм епсэлъэфынкIэ ущыгугъ хъуну? Мы Iуэхур гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэ бэлыхьщ, дызэпсалъэу зедмыгъасэу хъунукъым.

ПсэлъэкIэ зыщIэу къызыщыхъухэри щымыуэжу щыткъым. Щапхъэм и хьэтыркIэ, «уэ» жыпIэу цIыхум зыщыхуэбгъазэм деж, абы и псэр уогъэгузавэ. «Уэ тыгъэ къысхуэпщIакъым», «Уэ унэ лъэгур къэслъэсыну укъыздэIэпыкъуакъым», «Уэ мыр пщIакъым». Гулъытэр и щхьэм зэрынэсу, цIыхур къызэфIозэрыхь. Иджыпсту шынагъуэ гуэр зэхэсхынущ жеIэри, и щхьэ куцIым «зресэ». Абдежым щегъэжьауэ, апхуэдэ нэрыбгэм дакъикъи 8-м щегъэжьауэ 22-м нэс тригъэкIуэдэн хуей хъунущ игу-и щхьэ зэрыгъуэтыжыным. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дакъикъи 8-м и кIуэцIкIэ къывбгъэдэтым жыфIэр зэхихынукъым, ар сабий е балигъ ирехъу. Иджы фи нэгум къыщIэвгъэхьэт а псалъэ дыдэхэр нэгъуэщI жыIэкIэкIэ зэхевгъэхыу: «Си гуапэ хъунут, унэ лъэгур къэслъэсыну укъыздэIэпыкъуамэ». «СфIэфIщ удз гъэгъа къыщызэптым деж». ЖепIэну узыхуейр зэрыбгъэувэ псалъэхэм апхуэдиз мыхьэнэ яIэщ.

НэгъуэщI щхьэусыгъуэщ иныкъуэхэм езыхэм яхузэфIэмыкI гуэрымкIэ я щхьэгъусэр зэрагъэкъуаншэр. Дэ дыцIыху балигъщ. Жэуаплыныгъэ зыхэвгъэлъ. Шынагъуэщ, зы лъэныкъуэкIэ, жэуап зэрыпхьыр зыгурыбгъэIуэну, ар уи пщэ дэплъхьэжыну. НэгъуэщIхэр бгъэкъуэншэну нэхъ тыншщ. Ауэ е убалигъщ, е усабийщ. Балигъыу ущытыну мурад умыщIауэ, къыббгъэдэт цIыхури зэхэпщIыкIынукъым, абы узэрепсалъэм, узэрыдэпсэум насыпыфIи урихъунукъым».

Сабийхэр къэбгъапцIэ зэрымыхъунум, абыхэм дзыхь зэрахуэщIыпхъэм, уэ езым уи Iуэху зыIутыр жепIэн зэрыхуейм я гугъу ищIащ Темиркановэм. Психолог бзылъхугъэм мыбдежым езыр и сабийхэм зэрадекIуэкI щIыкIэмкIэ ядэгуэшащ къедаIуэхэм. «Сэ си щхьэкIэ сыинтровертщ. Ар къэзыгъэлъагъуэу си хьэлым хэлъыр сеша нэужь, си закъуэу сыхьэт зыбжанэкIэ сыщысын зэрыхуейрщ, зыми семыпсалъэу. Ар си сабийхэм яжесIауэ ящIэ. «Уэрэ сэрэ ди зэхуакум зыри мыхъумыщIэу къыдэхъуакъым, фIыуэ узолъагъу, ауэ иджыпсту сешащи, зызмыгъэпсэхуу хъунукъым», - а псалъэхэр сабийм жепIэну уи дзэ щIэшын щыIэкъым, сыту жыпIэмэ, абы гужьеигъуэр щхьэщех. «Си анэм фIыуэ сыкъилъагъужыркъым», - жимыIэ щIыкIэ, ар зэхихыпхъэщ.

«Сэ сабиищ сиIэщ, - нэгъуэщI щапхъи къиихьащ Лейлэ. - Щыми сагурыIуауэ, сыщыхущIыхьэхэм деж, дэтхэнэ зыми и закъуэ зы махуэ псокIэ и гъусэу къызокIухь. Си къуэм сыщригъусэхэм деж, езым дыздэкIуэнури тщIэнури къыхизогъэх. Фи фIэщ хъункъым сэ бдзэжьеящэм сызэрыщыIа бжыгъэмрэ Налшык щакIуэ хуэIухуэщIэ щащэу дэт тыкуэну сыздэкIуамрэ».

ЗэIущIэр екIуэкIыху, волонтёр-ныбжьыщIэхэм упщIэхэр сценэм яхьырт, психологхэм кърат жэуапхэри кIуэ пэтми нэхъ щIэщыгъуэ хъурт.

Апажэ Валерэ деж къэдгъэзэжмэ, ар зэрыпсихологым нэмыщI, зи гъащIэм ебгъэрыкIуэж сабийхэм я дохутырщ. Дэтхэнэ щытыкIэм и Iуэхури щхьэхуэщ, дауи. Ауэ псоми я зэхуэдэ чэнджэщщ иджырей сабийхэм уатеплъэкъукI зэрымыхъунур. ЦIыхур фIырыфIкIэ и гъащIэм ебгъэрыкIуэжынукъым, дэтхэнэ зыми «псэхъумэ инстинкт» къызэрыддалъхуам къыхэкIыу. Ар мылэжьэжу щыхъур езым зыхуигъэфэщэжымрэ зриплъыж фэмрэ я зэхуакур иныIуэ щыхъум дежщ.

Апажэм сытым дежи къыхигъэщ зэпытщ «егъэджакIуэр-сабийр-адэ-анэр» зэпыщIэныгъэр мылажьэу зэрымыхъунур. Сабийм хъун-мыхъуныр къыгурызыгъаIуэу, нобэ школым нэхърэ нэхъыфI зыри диIэкъым.

Психологхэр ятепсэлъыхьащ я еджэгъухэм натIэрыуапIэ ящI ныбжьыщIэхэми. «Дэнэ буллингым щыщIидзэр?» - упщIэкIэ захуигъэзащ Темиркановэм залым щIэсхэм. - Пэжщ, унэм. Анэр е адэр къыптекIиемэ, уи гур мэкIуэд. Школым къыщыхъухэм я гугъу тщIымэ, а Iуэхум хэпщIар лъэныкъуищ мэхъу: сабий ираудыхыр, абы ебгъэрыкIуэр, къэхъум еплъыр. А щыми ядэлэжьэн хуейщ».

«Буллинг»-р щIэхъумауэ щекIуэкIи щыIэщ, - жиIащ Апажэм. - ЕгъэджакIуэм е адэ-анэм къыбгъэдэкIыр апхуэдэщ.

Сабий жыIэмыдаIуэхэр е псэлъэгъуейхэр психологхэм я деж щашэкIэ, «гиперопека» фIащ хабзэщ. Абы къикIыр Апажэм гурыIуэгъуэ ищIащ: «Гиперопека» щыжытIэм деж, сабийр ягъэфIэIуэу аракъым. ВгъафIэ, зэрыфхузэфIэкIкIэ, фи быным нэхърэ нэхъыфIи нэхъ дахи щыIэкъым. Ауэ фIыуэ ялъагъуным и пIэкIэ, и лъэбакъуэ къэс щыкIэлъыплъым, ткIииIуэу щаIыгъым деж, сабийм и псэм зекъуэри, езым и щхьэ пщIэ хуимыщIыжу мэхъу. Мис арaщ «гиперопека»-р».

Апажэм къыхигъэщ зэпытщ щIалэ цIыкIур - адэм, хъыджэбз цIыкIур - анэм игъэсэн зэрыхуейр. ЗыгуэркIэ сабийм адэ щхьэщымытмэ, абы и пIэм адэ къуэшыр, анэ дэлъхур, е спортымкIэ тренерыр къиувапхъэщ. Сыту жыпIэмэ, хъыджэбз цIыкIум и акъылыр адэм къыбгъэдех, ауэ дуней тетыкIэ езыгъащIэр анэрщ. ЩIалэ цIыкIум и акъылыр анэм къыбгъэдех, ауэ псэукIэ хьэлыр зэлъытар и адэрщ. Адэр япэ лIыхъужьщ, анэр япэ лъагъуныгъэщ. «Сабийхэр фымыгъасэу, фэ зывгъэсэж, ахэр фэщхь хъунущ», - щIыжаIэр арaщ».

Зэманым укIэлъымысу зехъуэж. Адэ-анэхэми занщIэу я жэуаплыныгъэр зыхащIэу щыткъым, езыхэми я гъащIэ яIэжщ. АпщIондэху сабийм игъуэтыну зэфIэкIми и гъэсэныгъэми зыгуэр якIэроху. Ауэ чэнджэщ епхьэлIэ хъуну, умыщIэ псори къыбгурагъэIуэн хьэзыру, Апажэ Валерэрэ Темиркановэ Лейлэрэ хуэдэ психолог лъэрызехьэхэр диIэху, ди Iуэхур хэплъэгъуэкъым.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Мариаңнэщ.**

